



## **Entimidasyon, Asèlman ak Diskriminasyon sou Etidyan imigran yo nan Lekòl NYC yo**

Pitit ou gen dwa pou li antre nan yon lekòl kote ptit ou a an sekirite epi jwenn sipò, yon kote ki pa gen entimidasyon, asèlman ak diskriminasyon. **Depatman Edikasyon ki nan New York City a(DOE) pa otorize okenn entimidasyon, asèlman ak diskriminasyon ki baze sou ras, koulè, etnik, nasyonalite, estate w nan imigrasyon oswa reliyon.**

Nou pa aksepte okenn konpòtman konsa rive nan lekòl la, anvan oswa apre lekòl, nan Machin DOE yo, nan aktivite DOE sponsorize yo ak lè yon konpòtman konsa rive toupre lokal batiman lekòl la e ki gen rapò ak lekòl la.

Pa gen pinisyon pou okenn moun ki rapòte yon entimidasyon, asèlman oswa diskriminasyon sou yon etidyan.

### **Kòman DOE a pwoteje ptit mwen an kont entimidasyon, asèlman ak diskriminasyon?**

DOE pa otorize okenn etidyan pou konpòte I yon fason ki ka fè yon etidyan santi I pa an sekirite oswa ki fè I santi I blese oswa choke. DOE a pa dakò ak konpòtman ki deranje edikasyon, mantalite oswa santiman byennèt oswa byennèt fizik yon lòt etidyan.

### **Ak kisa entimidasyon, asèlman ak diskriminasyon sanble?**

Entimidasyon, asèlman ak diskriminasyon ka pran divès fòm. Li ka fizik, vèbal, sosyal oswa ekri. W ap jwenn kèk egzanp pi ba a:

- **FIZIK** — sa gen ladan I kase, pouse ak frape afè yon lòt moun.
- **VÈBAL** — sa gen ladan I takinen, rayiman, fè menas, fè blag deranjan, bay non ak jouré.
- **SOSYAL** — sa gen ladan I mete yon etidyan deyò nan yon gwoup yon fason pou imilye oswa izole etidyan an.
- **EKRI** — sa gen ladan I desen sou mi, foto, dokiman ekri, desen oswa vidyeo, oswa itilize entènèt, telefòn selilè, imèl, rezo jwèt ak rezo sosyal pou fè entimidasyon, asèlman oswa diskriminasyon.

### **E si entimidasyon, asèlman oswa diskriminasyon an fèt deyò espas lekòl la?**

DOE a pa pèmèt entimidasyon, asèlman oswa diskriminasyon fèt pa deyò lekòl la si I ap entèwont ptit ou a aprann oswa deranje lekòl la.

## **E si se pèsonèl lekòl la k ap fè entimidasyon, asèlman oswa diskriminasyon an?**

Yo pa pèmèt pèsonèl lekòl fè entimidasyon, asèlman oswa diskriminasyon kont etidyan yo. Paran ak etidyan yo ka rele Biwo Envestigasyon Espesyal la(OSI) nan (718) 935-3800 pou fè direktè a konnen konpòtman sa a oswa voye yon rapò sou entènèt bay OSI a nan [https://www.nycenet.edu/offices/osi/CPR\\_Form/form.aspx](https://www.nycenet.edu/offices/osi/CPR_Form/form.aspx).

## **Kòman m ap fè konnen si yo te entimide ptit mwen?**

Se pa tout timoun k ap fè konnen si yo fè entimidasyon, asèlman oswa diskriminasyon kont li. Men kèk siy k ap montre si timoun nan te sibi entimidasyon:

- Yo gen blese, mak oswa mak dank sou yo e yo pa ka eksplike yo.
- Afè yo pèdi oswa detwi.
- Tèt fè mal ki repete, estomak fè mal, sansasyon malad oswa yo pretann yo malad.
- Difikilte pou dòmi oswa move rèv.
- Ti mwayèn oswa yo pèdi enterè pou lekòl.
- Pa vle ale lekòl.
- Pèdi konfyans nan tèt li.

**SONJE:** Se pa tout timoun yo k ap gen menm siy epitou genyen ki ka pa montre anyen ditou!

## **Kisa mwen ka fè si ptit mwen ap soufri akoz entimidasyon, asèlman oswa diskriminasyon?**

1. **Fè lekòl konn sa san pèdi tan.** Ou menm oswa ptit ou a ka fè nenpòt moun konn sa nan lekòl la. Li pa oblige se direktè a. Yo dwe mete ensidan an sou Sistèm pou Rapò Ensidan Anliy(OORS) biwo DOE a nan 24 èd tan. Ou ka mande yon kopi rapò OORS la.
2. Si w santi ou pa alèz pou w rapòte ensidan bay pèsonèl lekòl la oswa si w te fè yon rapò bay pèsonèl lekòl men sa kontinye, **ou ka ekri Biwo Lekòl la ak Depatman Jèn (OSYD) epi fè yon rapò.**
  - Adrès imèl la se: [RespectforAll@schools.nyc.gov](mailto:RespectforAll@schools.nyc.gov).
  - Ou ka fè yon rapò san w pa mete non w.
  - Ou ka ekri imèl la nan pwòp lang ou.
  - W ap resevwa yon nimewo referans konsa w ap ka suiv tras rapò a.
3. **Direktè lekòl la dwe mennen ankèt sou rapò a nan espas 5 jou apre I fin resevwa rapò a epi detèmine si te gen entimidasyon, asèlman oswa diskriminasyon kont ptit ou a.** Ankèt la dwe gen ladan l:
  - Yon entèvyou ak etidyan ki te sibi swadizan entimidasyon, asèlman an oswa diskriminasyon an. DOE ta dwe bay yon entèprèt si ptit ou a pa pale anglè.
  - Yon entèvyou ak etidyan yo akize ki fè entimidasyon, asèlman oswa diskriminasyon an.
  - Entèvyou ak deklarasyon alekri nenpòt temwen.
4. **Direktè a ap detèmine si konpòtman an se entimidasyon, asèlman oswa diskriminasyon.** Direktè a ap konsidere anpil faktè tankou laj etidyan an, sa ki te pase, nan ki pwen konpòtman an grav, konbyen fwa sa pase epi konbyen tan li te dire chak fwa li te rive, nan ki

kontèks sa te pase, ki kote sa te pase, kantite etidyan ki te patisipe, epi si wi ou non konpòtman an te blese edikasyon etidyan an.

5. **Paran etidyan ki konsène yo ap resevwa enfòmasyon sou rezulta ankèt la.** DOE a ta dwe kominike avèk paran yo nan yon lang yo konprann. Si konpòtman an vyole Kòd disiplin nan, lekòl la ap aplike mezi disiplinè ki apwopriye yo. Si konpòtman an se yon zak kriminèl, lekòl la ap kontakte lapolis. Si sa apwopriye, lekòl la ka rekòmande konsèy, sipò, oswa lòt entèvansyon.

## **6. Direktè a dwe asire I konpòtman sa a sispann.**

Si w suiv etap sa yo epi pitit ou a toujou sibi entimidasyon, asèlman oswa diskriminasyon, ou ka kontakte Advocates for Children pou ede w: Rele **Liy Asistans pou Edikasyon** an nan 1-866-427-6033 soti 10 AM pou rive 4 PM, Lendi pou rive Jedi. Nou pale lang pa w la.

## **Èske pitit mwen ka ale nan yon lòt lekòl pou rezon sekirite?**

Pitit ou a gen dwa pou li rete nan lekòl la menm si li te sibi entimidasyon, asèlman oswa diskriminasyon. Direktè lekòl la dwe fè konpòtman sa a sispann pou pèmèt pitit ou santi I an sekirite nan lekòl la. Sepandan, ou ka deside mande pou transfere pitit ou a nan yon lòt lekòl si ou pè pou sekirite pitit ou a.

Ou ka ale nan yon Family Welcome Center pou mande yon tansfè nan bon kondisyon epi depoze yon kopi dokiman yo pou soutni demann ou an, tankou rapò OORS la, dosye medikal, oswa yon lèt ki soti kay pedyat timoun nan. Oswa, ou ka mande direktè lekòl la, dwayen, oswa asistan direktè nan zafè sekirite nan lekòl pitit ou a pou yon transfè nan bon kondisyon. Pèsonèl lekòl la ap voye dokiman yo nan Family Welcome Center la ansanm ak fòmilè ankèt transfè pou sekirite ak fòmilè admisyon yo. Biwo pou Enskripsyon Etidyan dwe pran yon desizyon nan mwens pase 5 jou ouvrab.

## **Kisa yon paran ka fè si I ap fè fas ak diskriminasyon nan men pèsonèl lekòl la?**

Si w rete kwè gen yon moun k ap fè diskriminasyon nan lekòl pitit ou a kont ou akoz ras ou, koulè w, gwoup etnik ou, nasyonalité w, estati w nan imigrasyon oswa reliyon w, kontakte Seksyon Plent nan Biwo Egalite pou Tout Moun ak Jesyon Divèsite a nan (718) 935-3320.

**Advocates for Children of New York, Inc.**  
151 West 30th Street, 5th Floor, New York, NY 10001  
Jill Chaifetz Liy Asistans pou Edikasyon: 1-866-427-6033 (rele gratis)  
Lendi pou rive Jedi, 10am pou rive 4pm

Fèy enfòmasyon sa a pa reprezante konsèy legal. Fèy enfòmasyon sa a eseye rezime règleman ki deja egziste oswa lwa san yo pa ki deklare opinyon an nan AFC. Si ou gen yon pwoblèm legal, tanpri kontakte yon avoka oswa yon avoka.

Copyright © December 2016 by Advocates for Children of New York, Inc.